



Pou Piblikasyon Imedya: 26/07/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON PWOSESIS APLIKASYON SENPLIFYE POU
PWOGRAM ASISTANS POU PEYE LWAYE**

***Nouvo Pwosesis la Asouplie ImedyatmanEstanda pou Dokimantasyon yo Ni Pou
Lokatè yo ni pou Pwopriyetè yo***

***Pral Gen Plis Pase 1,000 Anplwaye Devwe ak 350 Benevòl ki Pral Ede Jere Dosye
Ki Annatant Yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon nouvo pwosesis aplikasyon senplifye pou pwogram asistans pou peye lwaye nan New York pou ede elimine baryè potansyèl pou pèmèt Nouyòkè ki elijib yo resevwa fon. Nouvo pwosesis la asoupli imedyatmanestanda pou dokimantasyon yo ni pou lokatè yo ni pou pwopriyetè yo epi mete sou pye yon pwosesis senplifye pou soumisyon dokimantasyon ki aryere pou pwopriyetè ki genyen plizyè lokatè, efektif demen 27 jiyè a. Ak nouvo pwosesis sa yo ki anplas la, Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York la (New York State Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) pral kapab etabli yon kantite aplikasyon ki fyab pami yon total ki plis pase 150,000 ke yo soumèt dis 7 dawout.

Anplis de sa, vandè k ap travay sou kontra ak Eta a sou pwogram asistans pou peye lwaye a kounye a genyen plis pase 1,000 anplwaye ki devwe nan efò sa a epi li pral ajoute dè ekspè kontab anplis nan pwojè a. Apati jodi a, Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York la pral angaje pou pi piti 350 volontè nan Eta a ki sot nan lòt ajans pou trete 4,828 ka demann ki annatant yo, egzamine ak verifye yo pou peman dis 3 dawout. Dis 31 dawout, OTDA ap ajou ak peman pou tout aplikasyon annatan, ke yo verifye.

Gouvènè Cuomo te deklare: "Bilan pandemi COVID la te lou anpil pou Nouyòkè nan tout kwen Eta a, epi kounya a yo bezwen asistans pou lwaye." "Pwogram Asistans Lwaye 2.7 milya dola a deja bay finansman ak kèk nan rezidan ki pi vilnerab yo ke yo te priyore pandan 30 premye jou yo pou pwosesis aplikasyon yo, epi kounya nou dwe konsantre sou bay finansman ak rès moun ki aplike yo. Pou mete lòd nan pwosedi a, mwen mande OTDA pou travay ak founisè li a pou fè dekesman yo nan yon manyè ki alafwa rapid ak efikas ke posib. Nou ka bay plizyè milya dola nan asistans lwaye pou Nouyòkè yo ki t ap goumen pou peye lwaye yo san ke se pa fòt yo."

Pwogram asistans pou lwaye ETa New York la mete disponib plis ke 2.7 milya dola èd nan kad lwaye ijans pou Nouyòkè k ap goumen ki sibi anba enpak pandemi COVID-19 la. Pwogram nan asiste fwaye ki genyen reta nan peman lwaye yo a epi ki t ap viv move moman finansyè, ki riske vin sanzabri oswa vin genyen difikilte nan lojman epi k ap touche nan 80 pousan oswa pi ba pase nan revni zòn medyàn rejyon an. Se Biwo Asistans Tanporè ak Andikap nan eta a, Pwogram Asistans Ijans pou Lwaye (ERAP) Eta New York ki bay asistans jiska 12 mwa lwaye ki anreta, 3 mwa asistans pou lokasyon potansyèl ak 12 mwa peman aryere pou sèvis piblik bay Nouyòkè ki elijib yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo. Pwogram nan ta sipoze desèvi ant 170,000 ak 200,000 fwaye.

Anplis de soulajman fiskal, Pwogram ERAP la bay lokatè yo pwoteksyon enpòtan. Pou ka resevwa asistans, pwopriyetè kay la dwe dakò pou li renonse a nenpòt frè reta ke yo dwe nan lwaye pase; epi pa ogmante pri lwaye chak mwa sou lokatè a oswa degèpi yo pou yon ane, eksepte nan sikonstans limite.

Pwogram nan finanse pa 2.6 milya dola ki sòti nan resous federal ak 100 milyon dola apati finansman eta a epi li estriktire pou ede eta a ak gouvènman lokal yo ki te resevwa finansman dirèkteman nan men gouvènman federal la pou kolabore ak kowòdone efò yo, donk ogmante resous, rann li efikas ak anpeche fwod.

OTDA te òganize yon efò san parèy pou etabli patenarya ak gouvènman lokal yo nan tout eta a pou asire ke òganizasyon kominotè yo ap bay benefisyè potansyèl dè enfòmasyon ak yon asistans dirèk nan plizyè lang. Efò sa a mobilize resous sibstansyèl yo nan lide pou asire ke lokatè yo ki sòti nan tout eta a yo okouran de sa ki ERAP la ak kapab aplike.

Anplis de sa, ajans lan ap fè efò prevansyon fwod pou idantifye revni ki pa deklare epi pou anpeche doub peman lwaye yo.

Sèt kominote yo ki te resevwa finansman pou asistans ijans pou lwaye ki sòti dirèkteman nan gouvènman federal la te chwazi administre pwòp pwogram yo. Rezidan Vil Rochester yo ak Konte Monroe, Vil Yonkers, Konte Onondaga ak vil Hempstead, Islip ak Oyster Bay dwe aplike nan pwogram lokal yo pou asistans ijans pou lwaye epi yo pa kalifye pou asistans nan men Pwogram Ijans pou Lwaye yo eta a administre. Pwogram 2.7 milya dola a genyen ladann 168 milyon dola ke yo bay lokalite sa yo dirèkteman.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)